АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№8 (10002)
РУЗМАН
4 март 2022 сон
1 ШАГIБАН 1443 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство | Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ | Багъа эркенаб

РЕДАКТОРАЛЪУЛ КОЛОНКА

ПатIимат МУХIАМАДОВА

## Рагъул кьогIаб хабаралъ рахIат хвезабуна

24 февралалъ радал гIужалъ Россиялъул президент Владимир Путиница лъазабуна Украинаялъул ракьалда рагъулаб операция, ООНалъул Уставалъул №51 статьяялда рекъон, Федералияб собраниялъул изнуялдалъун ва гьединго Донецк ва Луганск республикабазулгун нилъер пачалихъалъул гьудуллъиялъул ва цоцазе кумек гьабиялъул къотIиял хIисабалде росун.

Гьеб рагъулаб тадбиралъул аслияб мурад буго ахирисеб микьго соналда жаниб Донецк ва Луганск республикабазда гIумру гьабулел халкъазе Украинаялъул нухмалъулезул ихтиярлдалъун кьолеб бугеб гIакъуба къотIизаби ва гьезие ракълилаб гIумру гьабизе рес кьей.

Гьелда цебехун В. Путиница гIатIидаб хитIаб гьабуна Россиялъул халкъазде. Гьеб хитIабалдалъун гьес ракIалде щвезабуна Украинаялъул ва Россиялъул гIаммаб тарих, Совет хIукумат биххаралдаса нахъе батIа тIун араб республикаялъ, Западалъул кверщаликье ккун, Россиялъул гIурхъуда хIинкъи гьечIолъи цIуниялъе квалквалал гьарулел ругел хIужжаби рехсана. Гьезул аслияблъун бихьула НАТОялде гъорлъе Украина бачани, гьенир рагъулал аскаразе базаби гIуцIизе ресал щвей. Жакъасеб къоялъул гуребги метерисел гIелазул ургъел гьабун байбихьараблъун буго гьеб операция.

Россиялъул Оборонаялъул министерствоялъ лъазабулеб буго Украинаялъул шагьаразде ва ракълилаб халкъалъе гьужумал гьарулел гьечIин, гIицIго аскариял объектазде буссараб бугин гьеб рагъ.

Украинаялъулгун ккараб тунка-гIусиязул хIасилалда, Америкаялъул ва Европаялъул хIукуматаз байбихьана нилъер пачалихъалде, гIуцIабазде ва цIар рагIарал гIадамазде данде санкцияби, ай гьукъа-къаял чIезаризе.

ГIадатияб гуреб лъугьа-бахъиналъ гIадамасул гIакълу хисизабулеблъиги бихьана.Хасго гьаб информационнияб гIатIилъиялъул заманалда унтилъун лъугьун буго информациялъул гIемерлъиялъ бетIер сверизаби!

БитIараб буго, жакъа нилъер пачалихъалда бугеб хIалуцараб ахIвал-хIалалъ экономикияб бутIаялдаги жеги гIемерал цогидаздаги, чанги хиса-басиял ккела. Амма халкъалъул рихха-хочиялъ жеги квеш хIалуцинабулеб буго кинабго. Пандемиялъул заманалъ кинигин байбихьана тукабазда бугещинаб къайи бакIаризе. ХIукуматалъ хIалхьезегIан нахърател бугин нилъерин абулеб бугониги тукабазда гьужум дагьлъичIо. Цо-цо хъантIарал предпринимателазул гьумерги цебе рехана гьал лъугьа-бахъиназ.

Банкалда счетал къаялъул, гIадамазул гIарац гьоркьоб ине рес бугин абурал харбаз 28 февралалде россияназ банказдаса бахъун буго 104 трлн. гъурущ. Эхеде рахун рачIана техникаялъул багьабиги.

Бича-хисиялъул ва гIарцул пикрабазда цоял ругеб мехалъ, рагъул коронир жидерго васал ругел улбузул ва гIагарлъиялъул ракIал гьалделел руго. Гьебги лъан социалиял гьиназда тIиритIулел руго гIемерал гьерсилал видеороликал ва ссылкаби. Рагъулал аскаразда хъулухъ гьабун ругел гIолохъабазул хабарал тIалаб гьабизе рекерахъдулеб гIагарлъиялъул жеги цIикIкIун рахIат хвей бижизабулеб буго гьез. Гьел сайтал разверка гьабизе хIалтIизарулел ругин лъазабулеб буго. Рагъда ругел гIолохъабазул хIакъалъулъ цIех-рех военкоматаздасан гьабеян лъазабулеб буго.

Беларуссиялда унел руго Россиялда ва Украиналда гьоркьоб рекъел гьабиялъул хIакъалъулъ гарачIвариял. Жеги цо къотIи-къаялде рачIун гьечIо.

Тарихалда жаниб нилъер пачалихъалда гъорлъги букIараб, вацлъиялъулаб гьоркьоблъиялда букIараб ракьалда кьвагьулел гумпарабазул рокьукъаб сас буго рагIулеб. Аллагьас ракълиде рачайги хехаб заманалда. Амма кинаб ахIвал-хIал хIукуматалда лъугьаниги роцIараб гIакълугун, рихха-хочиги нахъе рехун, патриотикияб ракI бай бихьизабизе тIадаб буго щивасда. КигIан цIакъ нилъее ракълилаб гIумру бокьаниги, метерисеб къоялъ бетIер кквеялде нилъ рачунеб, хIинкъиялда нилъер халкъ чIезабулеб букIиналдаса рагъулаб бажариги жиндирго рагIиги билълъинабулеб ХIукуматго бокьила!

■ БАРКИ



ХIурматиял районалъул руччаби! Районалъул нухмалъиялъул ва дирго рахъалдаса ракI-ракIалъ баркула нужеда ихдалил тIоцебесеб байрамазул цояблъун кколеб Халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо – 8 март.

8 март буго анищал, берцинлъи, хIеренлъигун недегьлъи ва хасаб хинлъи жанибе бачараб дунялалъулго руччабазул рохалил байрам.

Районалъул тIолалго руччаби, яцал, ясал, лъудби, улбул! Жакъа нуж гIей гьабун чIун гьечIо гIицIго лъималазе тарбия кьеялда ва рокъоб хинаб гъансито цIуниялда! Районалъул киналго тадбиразда нужер жигараб гIахьаллъиялъ, батIи-батIиял идарабазда жавабияб хIалтIуца ва махщалица кьучI лъола район цебетIеялъе. ЧIужугIаданалъул хIаракаталдалъун цIунула дунялалда ракълилаб гIумру, нужер гIурхъи гьечIеб сабруялъ къезарула киналго захIмалъаби.

ХIурматиял руччаби! Нуж кидаго дунялалда - гIумруялъул аслу! Биччанте, ихдалил къо гIадин тIегьазе нужер гIумрудул къоял, тIурайги нужер киналго анищал ва хьулал! Гьарула нужее щулияб сахлъиялда халатаб гIумру, пашманлъи лъачIел къоял, сундулъго икъбал, гIумрудулъ талихI.

Районалъул бетIерасул ишал тIуралев К.МУХIАМАДОВ

■ РАЙОНЦОЯЗУЛ ЦЕРЕТIЕЯЛ

## ТIабигIиял ресурсазул ва экологиялъул цIияв министр

**28 февралалъ ДРялъул хIукуматалъул председатель ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас тIабигIиял ресурсазул ва экологиялъул Министерствоялъул цIияв нухмалъулев вихьизавуна. Гьеб тIадегIанаб хъулухъалъе мустахIикълъана нилъер районцояв, ГIурада росулъа Ибрагьимов Ибрагьим МухIамадович.**

**БАЯНАЛЪЕ:**



*Ибрагьим Ибрагьимов гьавуна 1963 соналъ Советский районалъул ГIурада росулъ.*

*1985 соналъ Дагъистаналъул росдал магIишаталъул институтги лъугIизабун, Ибрагьимов хIалтIизе лъугьана Даггосплемобъединениялда экономистлъун.*

*1986-1987 саназ хIалтIана ГIурада совхозалда, захIматалъул экономистлъун, хадув гьебго совхозалда бетIерав экономистлъун.*

*1990-1992 саназ вукIана СССРалъул КГБялъул тIадегIанал курсазул гIенеккулевлъун. Гьединго, 1990-2007 саназде щвезегIан вукIана Россиялъул УФСБялъул ДРялда батIи-батIиял хъулухъазда.*

*2007-2013 саназ РФялъул ФКСН Управлениялъул Дагъистаналда начальникасул заместительлъун хIалтIана.*

*2013-2014 саназ Дагъистаналъул мугIрузул районазда гьабуна ДРялъул бетIерасул вакиллъи.*

*2015-2019 саназ ДРялъул бетIерасул ва ХIукуматалъул коррупциялда данде къеркьеялъе Управлениялъул нухмалъулесул хIалтIи тIубазабулеб букIана.*

*2021 соналъул байбихьуда ДРялъул бетIерасул Указалда рекъон, Ибрагьим Ибрагьимов тIамула ДРялъул ХIукуматалъул гIуцIиялъулгун проекталъулаб Управлениялъул нухмалъулесул ишал тIуралевлъун. Жакъа къоялде щвезегIан Ибрагьимовас гьеб хъулухъ тIубалеб букIана.*

Райадминистрациялъул ва редакциялъул рахъалдасан баркулеб буго Ибрагьим Ибрагьимовасда цIияб жавабияб хIалтIи. Къадрукъиматалда тIадегIанаб хъулухъ бачине къуватги сахлъиги кьеги.

**П.ЖАМАЛУДИНОВА**

■ АНТИТЕРРОР

## Районалда парахалъи цIуниялъе

**24 февралалъ райадминистрациялда тIобитIана терроралде данде къеркьеялъе гIуцIараб комиссиялъул иргадулаб данделъи. Гьеб нухда бачана районалъул бетIерасул ишал тIуралев ва АТКялъул комиссиялъул председателасул ишал тIуралев Камил МухIамадовас.**



Данделъиялда гIахьаллъи гьабуна АТКялъул члена, ОМВДялъул нухмалъулев М. МухIамадовас ва районалъул имам МухIаммад ГIариповас.

Районалъул бетIерасул ишал тIуралес ВатIан цIунулезул байрам баркиялдалъун рагьана данделъи. Араб 2021соналъ терроризмгун экстремизмалда данде къеркьеялъе гьарурал хIалтIабазул хIасилал гьаруна ва исана гьабизе хIисабалде босаралъул бицана Камил МухIамадовас.

**(Хадусеб 2-аб. гьумералда)**

## АВТОРАСУЛ БОКIОН

**Давуд ДАВУДОВ**




ТIаде щолеб буго ихдалил тIоцебесеб байрам-Халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо, 8 март. Гьеб байрам гьоркьобккун чIужугIаданалъул гIицIго хIайранлъиялъул ва недегьлъиялъул абун гIоларо. Гьеб къо буго, тIоцебесеб иргаялда, захIматчIужуялъул гьабулеб адаб-хIурмат кIодо гьабиялъул къо. XX-абилеб гIасруялъул байбихьуда бижараб байрамалъул магIна замана арабгIан цIикIкIинеги буго.

8 март руччабазул къолъун чIезабуралдаса гIемер хиса-басиял ккана дунялалъулго тарихалда. Улкаялъул къанунazда, бихьинаба бащадал ихтиярал щвезариялъе руччабаз жидецаго нух бахъана. Инкъилаб бергьун хадуса руччаби кIвахI тун гIахьаллъана цIияб улка гIуцIиялда. Рес щвана ракI цIараб махщел щвезе батIи-батIиял цIалул идарабазда лъай босизе. КигIан жавабияб хIалтIуда йикIаниги чIужугIаданалъ дурусго тIубалеб буго Аллагьас жиндие кьураб даража-эбеллъи ва рукъ-бакIалъул хиси гьечIеб хъаравуллъиги.

XX-абилеб гIасруялда руччабаз баччараб гьиралъул пикру гьабуни, чIухIигун рухI босулеб асар гьабула. Щияй чIужугIаданалъул буго гIатIидаб къисмат. Гьеб гIатIилъи загьирлъула талихI битIиялъулъги талихI къосиналъулъги. ЧIужугIаданалъе кидаго гьарула даимаб талихI. Гьеб киназего гIахьалаб ва гIаммаб гьечIо. Цоязе талихI рукъ цIурал лъимал ракIин буго, цогидазе талихI - иман цIикIкIарав, адаб бугев рос данчIвай буго, гIемерисезе талихI ракълилаб ва рохалилаб гIумру ккола. ГIалимзабазда ва жийго чIужугIаданалда гьелъие цогояб жаваб кьун бажаруларо.

ЧIужугIаданалъ халатккун хIехьола къварилъи, Аллагьас гьей йижун йиго гIажаибго сабурайлъун. Дунялалъулго шагIирзабаз гьелъул хIакъалъулъ хъвана аза-азар асарал. ЧIужугIадан дунялалда бижарабщинаб берцинлъиялдасаги берцин гьаюла, гьелъие мустахIикъай йикIун. ЧIужугIаданалъ сас тун къулчIана репрессиялъул заманалда ритIухълъи гьечIольи, рагъул заманалда бихьиназул бакIалда рахъун захIмалъабазул гьир баччана. Жакъа гIемерисел бихьинал магIишаталда хадур лъугьун, рижараб росу-ракь тун къватIирехун рукIиналъ, лъимаде аслияб тарбия эбелалдаса щола. Руччабазда лъидасаго цIикIкIун бихьана чиякълъи, бесдаллъи ва къороллъи. МагIарул чIужугIадан киданиги къуркьичIо рихьарал къварилъабаз.

Руччабазул байрамалда жаниб хасаб бакI ккун буго эбелалъ. Гьаб ихдалил къоялъ нилъеца рекIелъ кIудияб чIухIигун ва баркалагун ракIалде щвезаюла дунялалда тIад бищунго хирияй чIужугIадан-нилъерго эбел. БатIа гьабун лъагIалил календаралда Эбелалъул къо бугониги, гьеб 8 марталъул даражаялде бахунаро. Щай гурелъул, эбел гьечIев инсан дунялалда вукIунарелъул. Жиндирго гIумруялда захIмалъабаз ракI къвакIизабурай, гIадан хирияй, гIамал берцинай инсан ккола эбел. КигIан санал раниги къвакIун чIезе хIаракат бахъулей, гIадамасул къварилъи-гIатIилъи цIехолей, лъималазулги, лъималазул лъималазулги ургъалида йикIуней, гIаданлъи кIудияй эбелалъе гьарула нилъеца кинабго лъикIабщинаб. ГIадада гурелъул, «эбелалъул хIатIикь Алжан буго»-ян хIадис рещтIараб. Улбул киса-кирго нилъ цIунулеб къолденлъун цере чIола, рикIкIадаб сапаралде арал нилъ руссинегIан,азда кIусарал гIадин нухда берал лъунги рукIуна.

Дунялалда рокьиялъ данде гьарула киналго. Амма, бищун къиматаблъун буго эбелалъул рокьи. Гьеб рокьул гьечIо роцен, гьеб гвангъараб бакъ гIадин буго щияй эбелалъул рекIелъ. Гьеб рокьи буго сундулъго: лъимада аскIор рорчIарал сардазулъ, лъимал сабаблъун бадиса арабщинаб магIуялъулъ, сундасаго жалго махIрум гьариялъулъ, захIмалъи ккедал киназго ахIулеб хвасарлъиялъулаб рагIулъги.

Газета гьоркьоб ккун баркулеб буго киналго улбузда, кIодоэбелазда, яцазда, ясазда, лъудбузда ва тIолго руччабазда ихдалил байрам-8 март! Гьарула рагь-кьалалдаса рикIкIадаб, парахатаб, хъизан-лъималаздаса рохараб гIумру.

■ АНТИТЕРРОР

# Районалда парахалъи цIуниялъе

(Байбихьи 1-себ. гьумералда)

2022 соналъ гьаризе ракIалда ругел терроризмалдаса цIуниялъул тадбиразул комплексияб планалъул бицун кIалъазе вахъана районалъул бетIерасул заместитель, АТКялъул секретарь ГI.Рамазанови. Гьарурал хIалтIабазул баянал кьезе рихьизаруна щибаб кварталалъ.

Гьединго, АТКялъул секретарас ва районалъул имам МухIаммад ГIариповас бицана районалда ругел мажгитазул регистрацияби гьариялъул, учетазда лъеялъул ва цогидал диниял гIуцIабазул паспортизация гьабиялъул. Районалъул бетIерасул ишал тIуралес терроралде данде къеркьеялъе гIуцIараб комиссиялда тIадкъана районалда ругелщинал диниял гIуцIабазул сияхI гьабизе. МухIаммад ГIариповасе малъа-хъвай гьабуна районалъул рухIаниял гIуцIабазда террорaлдаса цIуниялъе хIалтIаби гьаризе ва гьезул паспортазул системаялъул ишал рагIалде рахъинаризе.

АТКялъул иргадулаб гуреб хехаб данделъиги тIобитIана райадминистрациялда 25 февралалъ. Гьеб хурхараб букIана пачалихъалда бугеб ахIвал-хIалги хIисабалде босун, гIадамазул гIумру-яшавалъе чара гьечIого хIажатал объектал цIуна-къаялде кIвар кьеялда.

Данделъабазул ахиралда районалъул бетIерасул ишал тIуралес рихьизаруна АТКялъул хIалтIулъ мухIкан гьаризе кколел аслиял масъалаби. ТIадкъарал хIалтIаби тIураялда хадуб хал кквезе буго районалъул бетIерасул заместитель, АТКялъул секретарь ГIабдуразакъ Рамазановас.

■ ДАНДЕЛЪИ

# Росреестралъул вакилзаби нилъер районалда

**Араб анкьида районалъул бетIерасул ишал тIуралев Камил МухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь райадминистрациялда тIобитIана росабазул бегавулзаби, гьезул заместителал, отделазул нухмалъулел ва администрациялъул специалистал ракIарараб данделъи.**



Данделъиялда гIахьалъи гьабизе щвана Буйнакскиялъул пачалихъияб регистрациялъул ва кадастралъул федералияб хъулухъалъул районазда гьоркьосеб (межмуниципалияб) отделалъул нухмалъулев ХIажи МухIидинов ва гьесул заместитель ГIумар ГIумаров.

Данделъиялда гьоркьор лъурал аслиял суалал рукIана РФялъул цо-цо къануназул актазда гьарурал хиса-басиял гьоркьорлъей. Гьез бицана ракьазул регистрация гьабиялъе бакIалъул нухмалъулезда цере лъун ругел масъалабазул. Бегавулзабаз кьурал, жидедаго дандчIвалел суалазе баянал щвана Росреестралъул вакилзабазул.

Данделъиялъул ахиралда управлениялъул хIалтIухъабаз кьуна магIишатиял объектазул бетIергьаби ратизе методикиял малъа-хъваял ва бичIчIизабуна реестралда мал-мулкалъул бетIергьабазул хIакъалъулъ баянал мухIкан гьариялъул бугеб кIвар.

**ПатIимат ЖАМАЛУДИНОВА**

■ #СТОПКОРОНАВИРУС

# Къокъго эпидемиологическияб ахIвал-хIалалъул

**Райбольницаялъул баяназда рекъон, эпидемиологическияб ахIвал-хIал районалда дагьаб лъикIлъун буго.**




КIиабилеб марталде больницаялда регаразул къадар ккун буго 6 чиясде, амбулаторияб сах гьариялда хутIун руго 24 чи.

Районалда гIаммаб къагIидаялда арбагI къоялде щвезегIан вакцина гьабун буго 11091 чияс, кIиабилеб этап тIубан буго 9070 чияс.

**НИЖЕР МУХБИР**

■ МАДАНИЯТ

**Маданияталъул сон бугин абун 2022 сон кIодо гьабизе лъугьиндал, гьебго маданияталда жаниб жакъасеб къоялъ загьирлъулел ругел унтаби рехсараб, нилъерго ПатIимат ГьитIиновалъул «ХIакъикъат» газеталда бахъараб макъалаялде тIаде ккана. ЩIех-рех гьабидал, гъоркьехун къолеб бугеб кочIол «гьунарчIужу» нилъер районцояй йикIин лъайдал, цIакъго квеш бихьана. Гьелъ гьаб макъала жакъасеб номералда къватIиб къезе хIукмуги ккана.**

# ГIорхъолъа унел гьечIищ?

ТIаса лъугьа, хIурматиял цIалдолел, гьадин байбихьичIого рес гьечIо:

*Мун, лъимазул дада, дунги къоролай,*
*ЦохIо къвал жемани мунагь ккеладай?*
*Мунагьазул хабар хабалъ бицина,*
*Къаси рачIа, гьудул, къвал бан регизе.*
*Ячарай лъадуда лъалин хIинкьани,*
*Лъе цоги магьари ниж ращалъизе.*
*ЛъикIаб кьибилалъул кьибил цIилъизе,*
*Кье диеги изну дурлъун яхьине.*
*Дур чIужу йигеблъи лъикI лъала дида,*
*ЧIужуялъул росха дие вокьулев.*
*Дур лъимал рукIинги лъалез бицана*

*Лъималазул эмен дие хирияв..* – цIвакун къачIарай гIолохъанай кочIохъаналъул мацIалдаса тIун тIиритIулел руго гьал, лъил гьалдолеб каранлъ рижаралали жеги лъаларел, рагIаби. Бертинищ банкетищ лъалареб сардил сухIмат, релъулел руччаби, гIив бачунел бихьинал, гIисинал квачIалги рорхун кочIохъаналда цере къурдулел гьитIичал. Киналго магIарулал, бахIарчиял умумузул наслабиян жидецаго рикIкIунел.

Бахчарабин ккарабги тIатунеб, тIадагьавги рагьулеб, ракIгьураб бакI буго интернет. Цо магIаруласул бергьенлъиялдаса миллатго чIухIула, чIухIун къачIарай кочIохъаналъ росу-ракь сурукъ гьабула. Цояз гIайиб чIвала культураялъул министерствоялда, цогидаз Хъвадарухъабазул союзалда, лъабабилез кочIохъабазул гIагарлъиялда.

Щиб гьазда гьабулеб, понцIорал, кIанцIелел, къунцIа-кIутIарал, жидеца ахIулелъул магIна босуларел, бусурбабиян рикIкIунел, магIарулалин цIар бугел «гьунарчагIазда». Гьеб сурукълъиялъухъ, саяхълъиялъухъ руцIухIунги рукIун балагьунищ рукIинел? ХIурматиял, нужер-цо-цояз абухъе, культураялъул министерствоялдегун Хъвадарухъабазул союзалде кколаро гьазул жавабчилъи. Гьаб «творчество» къватIибе кьолел, росу-рахь, жамагIатгун гIагарлъи гьечIел чагIи ратиларо. Бегьилаан берцинаб рагIудалъун рекIеда ратизаризе гIицIго Аллагьасе гIоло, гьелги нилъгоги рогьоялъукьа, мунагьазукьа цIуниялъе гIоло. ГIорхъолъа унел руго.

МагIарул кинабалиго росулъ гIурав Кайф-Магаги вуго «Я водку пью, я покурю, абсажусь, балдею»-ян ахIдолев. «МухIамад»-ин цIар ахIун букIун батила гьесде гьавураб мехалъ.

Дица рехсарал ва рехсечIел заманалъул гIузраби загьир гьарураб, Гьочоса МухIамад НурмухIамадовасул гьаб кечIги нужехъе щвезабизе мустахIикъаблъун бихьана.

**ПатIимат ГЬИТIИНОВА**

## *Аслу кIочараб наслу*

ГIелмуго цIаличIого цIарал щвей хиралъиялъ,
ЦIалиялъул даража учузлъизабун буго.
Лъай щвечIого къиматаз къачIан дипломал щвеялъ,
Щибго гьунар гьечIезул кверщаликь улка буго.

Куплет жиндирго кочIол рекIехъе цIалуларел,
ЦIиял шагIирал ругин, гIемерал лъугьун руго.
Лъабго рагIи лъеберцIул такрар гьабун ахIулел,
Артистал цере рахъун, концертал сурун руго.

ГIараб-турк къагIидалда-рекъечIеб магIарул кечI...
Умумузул макъангун ахIулеб гIурус сарин...
Сценаялъул ретIелин тарал чохтIо, суртIагъур...
Сурат бахъизе гуреб, борчи лъугIараб ханжар...

МагIарул мацI цIунейин- мацI лъаларел аварал.
Росаби цIигьарейин - росаби рехун тарал.
Адабият лъаларез, маданият кIочараз,
КIудиял чагIилъун хIан, чара хвезабун гIалам.

Цого далил дагIбадулъ данде хIужжалъун бицун,
Диниял гIалимзабаз виххизе гьавун жагьил.
Жал-жал ритIарал ругин, тIолгоял мекъи ругин,
Бокьарал тIалабазда тIадрекъезабулеб дин.

Жидерго чи вугилан, чамгIал гIаданлъун рикIкIун,
ГIакълу, гьунар бугезул къимат хвараб дуниял.
КъамартIаб гIамал бугел гIодоре ккезе гьарун,
Макру цIикIкIун цIар щварал, цIогьал реццулел кIалал.

ХIакимлъун вахъиналъе, хIел-хIелчилъун вукIин шартI.
Щибго тIубазе ккани, тIадаблъун лъугьун ришват.
ТIад таразе мукIурал рукIизе кколин малъун,
Малъикъцин гьабичIого малакь мерхьулеб миллат.

Бихьараб щинаб хIехьон хIалкIун сабру гьабейин,
БахьикъоcаpаБ къавмалъ къварид гьавулев инсан.
Къо бахъанагIан хъантIун, хьатир тарал наслаби.
Бокьараз рекъезабун къимат хвезабун тарих.

КIудияб намусалъул ирс мукъсанлъарал ясал,
БахIарчилъи, гIаданлъи гIодоб рехарал васал,
Къадруял умумузул аслу кIочараб наслу,
КЪУДРАТАС сабаб тIамун кантIизареги! АМИН!

**МухIамад НУРМУХIАМАДОВ**
**/Сочинский/**

■ ИСЛАМАЛЪУЛ НУХДА

# ХIебда мавлид

**28 февралалъ, ай Ражабалъул хирияб 27 сордоялде, ХIебда кIудияб мажгиталда тIобитIана мавлид. Баракатаб тадбир букIана МухIаммад авараг (с.гI.в.с.) МигIражалде вахиналъул сордо кIодо гьабиялде буссараб.**



Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна районалъул имамасул кумекчи ХIабибула МухIамадовас ва ХIебда росдал имам МахIмуд-афанди Думалаевас.

Баракатаб мажлисалде цIикIкIараб гIел гуребги, ракIарана гIолилалгун гIисинал лъималги.

«Исламалда жанир ратиялдаса кутакалда Аллагьасе рецц гьабизе ккола ва гьелдаго цадахъ Аварагасул



(с.гI.в.с.) умматлъун ратиялъулги шукру гьабизе ккола. Аварагас (с.гI.в.с.) абулеб буго жиндир уммат бикьизе бугила 73 рахъалде, гьезда гьоркьоса цо къокъа гурони алжаналде лъугьинеги гьечIила. Гьеб битIараб хIакъаб нухда ругел агьлу-суннат ва жамагIаталда ратиялдасаги нилъеца рецц гьабизе ккола Аллагьасе», - ян кIалъана МахIмуд-афанди Думалаев. Гьединго, лъикIаб вагIза гьабуна ХIабибула МухIамадовасги. Гьез бицана Аварагасул гIумруялъул, гьесул суннатазул, нилъер Расулюллагь зодове вахарав МигIражалъул сордоялъул бугеб хиралъиялъул ва цогидалъул.

Мавлидалда гIахьаллъаралщиназе ахиралда бикьана садакъа ва гьабуна лъикIаб дугIа-алхIам.

# Как мухIкан гьабиялъул конкурс

**27 февралалъ ХIотода росулъ тIобитIана битIун какичуриялъул ва как баялъул къецал.**



**ТIоцебесеб бакI босарав М. МухIамадов ва районалъул имам**

Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна районалъул имам МухIаммад ГIариповас, ХIотода росдал имам АхIмад ГIалигIумаровас, ХIебда росдал имам МахIмуд-афанди Думалаевас, Гъоркьа ГIурада росдал имам ГIабдула ГьитIинамухIамадовас, МачIада росдал имам МухIаммадшафи ГIабдурахIмановас, ГьентIа росдал имам ОгомухIамад МухIамадовас, Датуна росдал имам Давуд Зиявудиновас, «Шамил районалъул гIолилал» гIуцIиялъул нухмалъулев ХIажи МахIачевас ва цогидаз.

Конкурс гIуцIиялъе хIаракатчилъи гьабуна росдал имам АхIмад ГIалигIумаровас. Къецазда гIахьаллъи гьабизе рес букIана киналго ХIотода мадрасалъул мутагIилзабазе.

Конкурсалъул хIасилалда тIоцебесеб бакI босана МухIамадов МухIамад ХIажиевичас. Бергьенлъи босарасе ва призалъул бакIал щваразе баркалаялъул кагътал ва гIарцулал сайигъатал кьуна.

Аллагьас нилъер гIун бачIунеб гIелалъе цIикIкIараб гIелмуги, гIелмуялда рекъараб гIамалги куцаялъе квербакъула гьединал тадбираз.

**ПатIимат ЖАМАЛУДИНОВА**

■ ЗИГАРА

## АхIматIханова Меседо ГIамирхIамзаевна



Дагьал церегIан къоязда нилъедаса ятIалъана маданияталъул захIматалъул ветеран, Микьигъориб росулъ библиотекаялъул нухмалъулейлъун хIалтIарай, мисалияб тIалабалда росасе адабги, лъималазеги ва гьезул лъималазеги тарбия кьурай, жамагIаталъул руччабазда гьоркьойги къадру-къимат бугей АхIматIханил Меседо.

Меседо гьаюна 1946 соналъ Микьигъориб росулъ колхозникасул хъизамалда. Росулъ 4 класс лъугIигун цIалана ТIогьохъ 8 сонилаб школалда. Хадуб, Хунзахъ районалъул ГIараниб росулъ районазда гьоркьосеб руччабазул школа-интернат лъугIизабуна.

Хадубккун Меседо хIалтIизе йитIула ТIогьохъ школалде. 1969 соналдаса нахъе Микьигъориб рагьараб библиотекаялъе нухмалъи гьабуна. 50 соналдасаги цIикIкIун заманалъ гьенийги хIалтIун, Меседо ана пенсиялде захIматалъул ветеран хIисабалда.

Росулъ тарбия кьеялъул анцI-анцI тадбирал тIуралаан гьелъ. Районалъул культураялъул управлениялъул ва администрациялъул, гьединго культураялъул министерствоялъул шапакъатазе мустахIикълъана.

Гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго гьелъул лъималазда ва гIагаборжаразда.

**Районалъул маданияталъул хIалтIухъаби**

■ СПОРТ

# Сомода турнир

**26 февралалъ ВатIан цIунулезул къо кIодо гьабун, Сомода росулъ тIобитIана гIолохъанго хварал росуцоял ракIалде щвеялъул мурадалда гIуцIарал спортивиял къецал.**

Тадбир рагьун тIоцеве кIалъазе вахъана Сомода росдал имам Садрудин ГIабдулкъадиров. Имамас жиндирго каламалъулъ загьир гьабуна ВатIан цIуниялъул бугеб кIваралъул, исламалъги гьелъие кьолеб къиматалъул. Гьес, гьединго, рехсана имам Шамилил ва гьесул муридзабазул къеркьеялъул, КIудияб ВатIанияб рагъда гIахьаллъарал бусурбабазул гьунаралъул.

Къелдерил мухъалъул бегавул Гь. ГьитIинамухIамадовас жиндирго каламалда кIвар кьуна гьединал тадбиразда гIолохъаби гъункизариялъе, умумузул тарих цIуниялъе бугеб цIикIкIараб пайдаялде.

Волейболалъул турниралда гIахьаллъи гьабураб 6 командаялда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна МахIачхъалаялда гIумру гьабун ругел гIолохъабаз, кIиабилеб бакI щвана ХIебда командаялъе, лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана Сомода росдал команда.

Бергьенлъи босараб командаялъе кьуна кубок, гьединго, лъабабго командаялъе кьуна грамотаби ва гIарцулал сайигъаталги.

Хадуб тIобитIана санаде рахинчIел гIолилал васазда гьоркьоб турникалда цIаялъул, кIанцIиялъул къецал.

ГIададатлъун билълъун бугеб ВатIан цIунулезул къоялде санайилго гIуцIулеб гьеб тадбир тIобитIиялъе квербакъи гьабуна «Шамил районалъул гIолилал» гIуцIиялъ, Сомода клубалъул директор ГIумарасхIаб Атарановас, кидаго хIалае ратулел росу тун къватIирехун ругел гIолохъабаз ва тIолабго жамагIаталъ. Гьездаса Аллагь разилъаги ва хадубккунги къуват кьеги гьадинал тадбирал тIоритIизе.

**Р. АБАКАРОВА**



■ БЮДЖЕТЫ СЕЛЬСКИХ ПОСЕЛЕНИЙ

### Администрация МО «село В.Батлух» Шамильского района РД Исполнение бюджета за 2021 год

**Доходы**

| Наименование доходов | Утверждено | Исполнено |
|---|---|---|
| Дотация | 1932,4 | 1932,4 |
| Субсидия | 220,0 | 182,7 |
| ВУС | 103,0 | 103,0 |
| Межб .трансферты | 691,5 | 691,5 |
| Един.сель хоз налог | 1,0 | 1,7 |
| Налог на имущ, ф/лиц | 55,0 | 55,4 |
| Земельный налог | 90,0 | 90,1 |
| **НДФЛ** | **22,0** | **6,7** |
| **ИТОГО:** | **3114,9** | **3063,5** |

**Расходы**

| Наименование расходов | Утверждено | Исполнено |
|---|---|---|
| Администрация | 1002,0 | 988,8 |
| СДК | 706,4 | 693,9 |
| Молод.политика | 10,0 | 10,0 |
| Физкультура и спорт | 10,0 | 10,0 |
| Благоустройство | 482,0 | 432,3 |
| ВУС | 103,0 | 103,0 |
| Дор.Фонд | 200,0 | 159,7 |
| Прочие работы уел.ген.план. | 594,0 | 297,0 |
| **ИТОГО:** | **3107,4** | **2694,7** |

**Утверждено за 2022 год**

**Доходы**

| Наименование доходов | Утверждено |
|---|---|
| Дотация | 1877,2 |
| ВУС | 107,0 |
| НДФЛ | 22,0 |
| Един.сель хоз налог | 4,0 |
| Налог на имущ, ф/лиц | 55,0 |
| Земельный налог | 75,0 |
| **ИТОГО:** | **2140,2** |


ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОРАЛЪУЛ ИШАЛ ТIУРАЛЕЙ

П.Ш. МухIамадова
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
П.Гь. Жамалудинова

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
Р. Абакарова
ТI. МухIамадов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гьазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГьазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал:
Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “Щияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда;
Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД)
Регистр. номер
ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун. Нижер электроннияб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50